

Enfòmasyon sou lekòl matènèl Boston « Boston Pre-K »

Objektif lekòl matènèl Boston « Boston Pre-K » se asire ke tout timoun laj twa ak katran nan Boston gen aksè nan bonjan kalite eksperyans edikasyon timoun piti ki finanse piblikman, ki poze fondasyon pou aprantisaj ak siksè edikasyonèl alavni. Lekòl Piblik Boston (BPS) ak Biwo Majistra a pou Edikasyon Timoun Piti « Mayor's Office of Early Childhood (OEC) » fè efò pou sèvi timoun twazan ak katran nan tout Boston ki elijib atravè yon sistèm founisman melanje konpoze de kat anviwònman lekòl matènèl :



Lekòl Piblik Boston



Òganizasyon kominotè



Lekòl endependan yo



Gadri timoun pou fanmi

Priyorite Ane Skolè 2023-2024 la

Pote lekòl matènèl Boston bay Swen Timoun pou Fanmi yo « Family Child Care »

Pwogram Swen Timoun pou Fanmi yo « Family Child Care » te enskri divès elèv pou lapremye fwa, pou ofri fanmi Boston yo yon lòt opsyon pou lekòl matènèl ke vil la finanse, e ki pèmèt yo chwazi gadri ki ta pi byen adapte a bezwen yo.

Ogmante kantite sal klas de kalite siperyè

Yo te ajoute ven (20) salkas anplis nan founisè kominotè sila yo ki egziste deja (yon ogmantasyon 26% nan ane anvan an) sa ki reflete angajman pou kreye plis plas lekòl matènèl de kalite siperyè nan anviwònman kominotè yo

Rann pwogram etid « Focus » la aksesib pou tout moun

Depatman Edikasyon Timoun Piti Lekòl Piblik Boston an « BPS Department of Early Childhood » ak lekòl matènèl Boston « Boston Pre-K » te konsantre sou elajisman aksè nan pwogram etid la pou satisfè bezwen elèv divèsify Boston yo, atravè resous adapte ak transadapsyon pwogram etid la.


Angajman fanmi transfòmatif

Fanmi yo te angaje aktívman nan divès pwosesis priz desizyon atravè divès pozisyon patnè familyal peye ak Konsèy Fanmi Edikasyon Timoun Piti a « Early Childhood Family Council (ECFC) » pou asire ke travay lekòl matènèl Boston reflete bezwen fanmi yo.

Kwasans lekòl matènèl Boston avèk letan

Elaji e kreye aksè ekitab, pandan ke n ap konsève kalite.

Founisè kominotè yo avèk letan



“

Mwen te kontan lè mwen te fenk aprann de opòtinité lekòl matènèl Boston an pou pitit mwen an nan òganizasyon kominotè nou an (CBO). Epitou mwen te gen divès resous mèvèye pou gide m nan pwosesis demann nan. Kounye a, pitit mwen an ap fè tranzisyon san pwoblèm, soti nan òganizasyon kominotè nou an pou ale nan Lekòl Piblik Boston pou jadendanfan. Gadjan tan an pase !

MABEL WONG

Paran lekòl matènèl Boston ak manm ECFC

*Founisè kominotè refere a yon kombinezon divès òganizasyon kominotè, lekòl endependan, ak FCC

Yon apèsi sou 2023-2024 : lekòl matènèl Boston eksprime an chif

Lekòl matènèl Boston selon anviwònman

Dekonpozisyon kantite lekòl ak òganizasyon nan tout vil la ki fè pati pwogram lekòl matènèl Boston an « Pre-K Boston ».

76 Lekòl Piblik Boston



23 Òganizasyon kominotè yo



8 Lekòl endependan yo




11 Gadri timoun pou fanmi




Ekspansyon plas

Ekspansyon kantite plas antou pou laj 3 an ak 4 an nan pwogram lekòl matènèl Boston an.



Popilasyon sila yo li sèvi

Ras ak etnisite elèv ki nan pwogram lekòl matènèl Boston an : fournisè kominotè yo konpare ak Lekòl Piblik Boston.



21%



nan popilasyon laj 3
zan Boston an te einskri
nan lekòl matènèl
Boston

53%



nan popilasyon laj 4 an
Boston an te einskri nan
lekòl matènèl Boston




4,772
total publicly funded
Pre-K seats in the
City of Boston

Plas selon anviwònman

Kantite plas timoun laj 3 an ak 4 an nan chak anviwònman pòtfolyo founisman melanje lekòl matènèl Boston an.

Lekòl BPS yo : 3.491
Kominotè : 1.043
Lekòl endependan : 201
Gadri timoun pou fanmi : 37



100%

nan plas timoun laj twazan yo
ranpli nan òganizasyon kominotè
yo



90%

nan plas timoun laj katran yo
ranpli nan òganizasyon kominotè
yo

Elèv ki gen Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP)

Number and percentage of students in the Boston Pre-K program with Individualized Education Programs (IEPs).

70
total students
6.1%
of students

860
total students
27.7%
of students

Founisè Kominotè yo

37

sal klas ki te
ajoute

22

nouvo pwogram ki
entege nan pòtfolyo lekòl
matènèl Boston, pou gen
plas pou pwouchan ane
skolè a

Elèv Miltileng (elèv ki pale divès lang)

Pousantaj elèv ki nan pwogram lekòl matènèl Boston ki gen yon lang prensipal ki pa angle.

49%

Founisè Kominotè yo

37%

BPS

Akreditasyon NAEYC

NAEYC Accreditation is a standard for recognizing high-quality early learning programs and ensures that programs are safe, well prepared, and intentional about ensuring children's success.



18

Divès pwogram
founisè kominotè
ki NAECY
akredite.

48

Lekòl BPS ki gen
pwogram
edikasyon
timoun piti ke
NAEYC akredite

*Founisè kominotè refere a yon kombinezon divès òganizasyon kominotè, lekòl endependan, ak FCC